## Geografiya

# ХАЛЫҚТЫ ДИЗИМГЕ АЛЫЎ МӘМЛЕКЕТЛИК СИЯСАТ ТИЙКАРЫ

**Г.Б.Утепова** – *география илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** аҳолини руйхатдан ўтказиш, давлат сиёсати, аҳолининг ёш ва жинс таркиби, аҳолининг оилавий таркиби, миллий таркиби, меҳнат ресурслари таркиби, ишсизлик, никоҳ, ажралиш.

**Ключевые слова:** перепис населения, государственная политика, возрастной и половой состав населения, семейный состав население, национальный состав, состав трудовых ресурсов, безработица, брак, развод.

**Key words:** population census, state policy, age and sex composition of the population, family composition of the population, national composition, composition of the labor force, unemployment, marriage, divorce.

**Халықты дизимге алыў** - (халық есап санақ жумыслары) бул белгили бир дәўирде мәмлекет ямаса белгили бир территорияда жасаўшы хәр бир пуқара ҳаққындағы демографиялық, экономикалық және социаллық мағлыўматларды топлаў болып табылады. Топланған мағлыўматлар тийкарында белгили бир мәмлекет халқы, оның машқалалары менен жақыннан танысыў, анализ етиў, системаға салыў ҳәм бул мәселелерди тереңнен үйренип шешим қабыл етиў бул халықты дизимге алыў нәтийжелери тийкарында әмелге асырылады.

Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң экономикалық ҳәм социаллық мәселелер бойынша Статистика комиссиясының тәрийплеўинше, *«Халықты дизимнен өткериў* - бул мәмлекет ямаса оның анық шегараға ийе болған территориясындағы барлық жеке инсанларға тийисли болған, анық белгиленген ўақытта әмелге асырылатуғын демографиялық, экономикалық ҳәм социаллық мағлыўматларды топлаў, улыўмаластырыў, анализлеў, баҳалаў ҳәм дағазалаўдың комплекс процеси» [4:41].

Халықты дизимнен өткериўдиң *мақсети* - халық ҳаққында улыўма ҳәм ҳәр тәреплеме мағлыўматқа ийе болыў. Бул ҳәр бир мәмлекеттиң экономикалық турмысын қәлиплестириў, раўажландырыў, инсанлар турмысында орын алып атырған ҳәр қыйлы машқалаларға дурыс шешим қабыл етиў, кадрлар мәселесин қайта көрип шығыў ушын нызамшылық палатасына усыныслар бериў ҳәм халықты кең көлемде илимий тәрептен үйрениў машқаласын ортаға таслайды. Халықты дизимнен өткериў әҳмийетли мәмлекетлик көлеминдеги илаж болып, мәмлекет басқарыў органларының келешектеги жумысына жәрдем береди. Халық дизимин өткериў анық белгили бир ўақытты талап етип, мағлыўматлар усы дәўир (белгили күн ҳәм саат) аралығында исленийи шәрт.

Халықты дизимнен өткериў материалларын үйрениў тийкарында халықтың жас қурамы, жыныс қурамы, шаңарақ қурамы, миллий қурамы, мийнет ресурслары қурамы, жумыссызлық, некеге кирийи, перзентлери, ажрасыў ҳ.т.б. ҳәр қыйлы мағлыўматларға ийе болыў мүмкин. Бундай қымбатлы мағлыўматларды басқа ҳеш қандай дереклерден таба алмаймыз. Тек халықты дизимнен өткериў ғана бул мүмкиншиликти жаратып береди. Демек, халықты дизимнен өткериў бул халық ҳаққындағы мағлыўматлардың тийкарғы дәреги.

***Халықты дизимнен өткериў бағдарламасының*** демографиялық тәреплери (туўылған сәнеси, жасы, жынысы, социаллық жағдайы, перзентлер саны), экономикалық тәреплери болса (күнделикли жумысы, экономикалық искерлиги, дәрамат дереги, ис ҳақысы, жумыссызлар ушын бирқанша сораўлар), мағлыўматлы туўралы сыпатламасы (саўаты, мектепте оқыған ўақты, мағлыўмат дәрежеси, кәсиби, тәжирийбе дәрежеси), этникалық тәреплери (қайсы халық ямаса этникалық топарға тийислилиги, ана тили, қарым-қатнас тили, басқа тиллерди билиў дәрежеси, диний исеними), басқа тәреплери (пуқаралығы, жынысы ҳәм психикалық өзгешеликлери, урыста қатнасқаны). Бул бағдарламада халықтың миграциялық (көшип келийи ҳәм көшип кетийи) жағдайы да есапқа алынады. Белгили бир социаллық топарға тийислилиги ҳаққындағы мағлыўматлар да зәрүр. Жоқарыда келтирилип өтилген барлық мағлыўматлар белгили бир территориядағы халықтың социаллық - демографиялық қурамын анықлаў мүмкиншилигин береди.

Халықтың айрым топарлары ушын бағдарлама кеңирек әмелге асырылады. Мысалы; некеге киргенлердиң саны, некеден өткен сәнеси; некеден ажырасқанлар; өмирлик жолдасының өлими ямаса ажырасыўы, ҳаяллардың қанша перзент дүньяға келтиргенлиги; олардың нешеўи тири екенлиги ҳаққында да мағлыўматлар алынады.

***Халықты дизимнен өткериў тарийхы.*** Халықты дизимнен өткериўдиң дәслепки, әпиўайы формалары Азия ҳәм Африканың әййемги мәмлекетлеринде б.э.ш. 3 мың жыллықларда әмелге асырылған. Египет (б.э.ш. 2800-2250ж), Месопотамия, Ҳиндстан, Қытай (б.э.ш.2238ж), Японияда әскерий ҳәм салық жыйнаў мақсетлеринде халықтың дизими алынған. Халық дизими арнаўлы усылларда зат ямаса нәрселер арқалы әмелге асырылған. Мысалы; әййемги скифлерде әскерлер саны найзалар муғдарына салыстырмалы анықланған болса, Әмир Темурдың усылы ҳәр бир әскер өзи менен бир тас әкелип оларды бир жерге топлап жыйналған таслардың муғдары есапқа алынған.

Әййемги Греция ҳәм әййемги Римде де халық санын дизимге алыўға ҳәрекет еткен. Мысалы; б.э.ш. IV әсирде Аттикада (Грецияның қубла-шығыс аймағы) барлық ер адамлар дизимге алынған. Әййемги Римде б.э.ш. 435-жылдан баслап үзликсиз түрде ҳәр 5 жылда халық есап-санағы өткерилген. 510-жылда император Серви Тулл басшылығында халық есап-санақ жумыслары (цензи) алып барылған. Онда ҳәр бир Рим пуқарасы дизимнен өтип атырған ўақытта өзиниң аты (исими), жасы, шаңарақ ағзаларының исимлери ҳәм жасы, шаңарақ мал- мүлки туўралы мағлыўмат бериўи тийис болған. Усы мағлыўматлар халықты әскерий бөлимлерге бөлиў, халық мәжилисинде даўыс бергенлерди анықлаў, салық муғдарларын белгилеў ҳәм жыйнаў ушын зәрүр еди. Ерте феодализм дәўиринде халықты дизимге алыўда кадастр ҳәм арнаўлы дизим дәптерлери жүргизилген. Оларда биринши нәўбетте адамлар ямаса шаңарақлар саны емес, ал салық салыў ушын олардың үйи ҳәм мал - мүлки әҳмийетли болған. Мысалы ушын, 1086-жылы Вильгельм тәрепинен Англияның 34 графлығында жерлер дизимге алынған. Бул дизим "Қорқынышлы суд китабы" аты менен белгили. Орта әсирлерде халықты дизимнен өткериў бир қанша қалаларда алып барылған (1449-жылда Нюрнбергде (Германия), 1473-жылда Страсбургда (Франция), кейинирек болса басқа мәмлекетлерде де бул жумыслар әмелге асырылған.

XVIII әсир орталарынан баслап халықты үйрениўге қызығыўшылық айтарлықтай күшейди. Оны бир қатар Европа мәмлекетлеринде (Австрия, Бавария, Голландия, Дания, Испания); Азияда (Япония) ҳәм Американың да бирқанша аймақларында халықты дизимнен өткериў жумыслары әмелге асырыла

баслады. Бирақ бул илажлар бирнеше жылға созылып, жәми халықты толық қамтып алалмаған (әсиресе жоқары қатлам адамлары алынбаған) ямаса тек ер адамлар ғана үйренилген.

Ҳәзирги көз-қарастағы халықты дизимнен өткериў 1790-жылда АҚШда, 1800-жылда Швеция ҳәм Финляндияда, 1801-жылда Англия, Дания, Норвегия, Франция мәмлектлеринде әмелге асырылған. Бул есап-санақ жумысларының әмелге асырылыўы раўажланып атырған капитализм жәмийети халқының саны, жайласыўы, қурамы ҳ.т.басқа тәреплери ҳаққындағы мағлыўматларға болған мүтәжликтен келип шыққан.

Илимде талап дәрежесиндеги халық есап санақ жумысларын яғный халықты дизимнен өткериўди үш басқышқа бөлип үйренген:

***Биринши басқышта*** (XVIII әсир ақыры - XIX әсирдиң биринши ярымы) халықты дизимнен өткериўдиң тийкары қәлиплесип, бағдарламалары ислеп шығылған. Бул дәўирде ҳәр 10 жылда АҚШ ҳәм Англияда, ҳәр 5 жылда - Франция ҳәм Швецияда, ҳәр 3-4 жылда Австрияда үзликсиз халықты дизимнен өткериў илажлары алып барылған. Бирақ бул халық есап-санақ жумысында пүткил халықты толық қамтып алыў мүмкиншилиги болмаған, халықтың айрым тәреплери ғана үйренилген. Топланған мағлыўматларды қайта ислеў көп жылларга созылған.

Жер жүзи мәмлекетлери бойынша халық дизими биринши рет 1790-жылда АҚШ да өткерилген. Францияда - (1801), Австрияда - (1818), Белгияда - (1846), Канадада - (1851), Германияда (1852), Италия ҳәм Куба - (1861), Аргентина - (1869), Япония ҳәм Бирмада - (1872), Мысырда (1882), Мексикада (1895) халық дизимнен өткерилген. Россия Империясында биринши рет 1897-жылда халық есап-санақ жумыслары басланған. Халық дизимин өткериўге биринширлерден болып баслама менен шыққан ҳәм өзиде тиккелей қатнасқан рус географы, ботаник, статистик, экономист, саяхатшы, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик искер П.П.Семёнов-Тян-Шанскийдиң хызмети айрықша болды. Бул дәўирде Түркистан территориясы Россия империясына қараслы еди. Алып барылған есап санақ жумысларында Туркистан территориясының азырақ бөлими ғана қамтып алынған. 1920-жылда өткерилген халық дизими де толық нәтийжеге ерисе алмаған. Бурынғы Аўқам дәўиринде СССР ҳәм Өзбекстан халқы 1920, 1926, 1939, 1959, 1970, 1979, 1989 жылларда дизимге алынған. Россия Федерациясы соңғы халық дизимин 2002 - жыл октябрь айында өткерди.

***Екинши басқышта*** (XIX әсир екинши ярымы - XX әсир биринши ярымы) халықты дизимнен өткериў барлық Европа ҳәм Америка айрым Азия ҳәм Африка мәмлекетлеринде өткериле баслады. Халық есап - санағын алыў теориялық тәрептен раўажланып әмелде жетилисип барды. Халықты дизимнен өткериў бөлимлери көбейип бағдарламалары кеңейди.

XIX әсирге келип халықты үйрениў жүдә кеңейди. Статистика пән ретинде раўажланды. Бирқатар Европа мәмлекетлеринде статистикалық шөлкемлер дүзилди. Халықты дизимге алыў илимий бағдарламалар тийкарында алып барылды. 1870 жылларда дүньяның 48 мәмлекетинде, 1880-жылға келип 74 мәмлекетте халық дизими алынды. XIX әсир екинши ярымында жер жүзи халқының 21%и дизимге алынған болса, XX әсир басында 54% халық дизимнен өткерилди.

Екинши Жер жүзилик урысынан кейин халық ҳәм оның демографиялық топарларын дизимге алыў тағы да раўажланып кетти. 1945-1954-жылларда 151 мәмлекетте, 1965-1974-жылларда 179 мәмлекетте халық дизимге алынды. Тек айрым раўажланып атырған мәмлекетлерде экономикалық-сиясий себеплерге байланыслы халық дизими өткерилмеген.

Бүгинги күнде барлық мәмлекетлерде демографиялық топарлардың раўажланыўын үйрениў ушын статистикалық мағлыўматлар бар. Халық есап - санағы илимий тийкарланған бағдарламалар арқалы жүдә кең темаларды қамтып алған ҳалда ҳәр 5-10 жылда өткерилип турылады. Ҳәзирги дәўирде өткерилген халық есап-санағы мағлыўматлары оғада кең көлемде топланған болып, онда халықтың социал - демографиялық топарларының муғдары (саны) ғана емес сапа көрсеткишлерине де үлкен әҳмийет берилмекте. Онда саўатлылық дәрежеси, мағлыўматы, кәсиби ҳәм басқада социаллық жағдайлары, сондай-ақ шаңараққа тийисли машқалалары үйрениледи. Алынған мағлыўматлар электрон формада ҳәр бир бағдар бойынша өз алдына үйренилип, статистикалық жылнамалар таярлап барылады.

***Үшинши- заманагөй басқыш.*** XX әсир орталарынан басланған болып оған халық ҳаққындағы мағлыўматларға талаптың артып барыўы себеп болды. Азия ҳәм Африканың бирқатар мәмлекетлеринде де халықты дизимнен өткериў жумыслары алып барылды. Олар жаңа ғәрезсиз мәмлекетлердиң пайда болыўы менен байланыслы болды. 70-жылларда дәслепки рет халық дизимин өткериў Яман Араб Республикасы, Катар, БАӘ, Саудия Арабстаны ҳәм Аўғанстанда өткерилген.

Халықты дизимнен өткериў бағдарламаларын үйрениў ҳәм дизимнен өткериў усыллары принцип ҳәм көрсеткишлерин ислеп шығыўда, сондай-ақ пүткил дүнья жүзлик халық дизимин өткериў ушын усынıслар ислеп шығыўда Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң үлеси жоқары.

Айрым мәмлекетлерде текғана турақлы халық (АҚШ, Япония, Германия, Индия, Финляндия) басқаларында - тек әмелдеги барлық халық (Уллы Британия, Бруней, Танзания, Туркия), үшиншилеринде болса бир ўақыттың өзинде ҳәм турақлы ҳәм әмелдеги барлық халық (Болгария, Венгрия, Италия) дизимге алынды. Халықты дизимин өткериў бағдарламаларында айтарлықтай өзгерислер көзге тасланды. Көпшилик мәмлекетлерде халықтың аймақлық жайласыўы ҳәм өндирис тараўларынада қызығыўшылық артып бармақта.

Дүньядағы барлық мәмлекетлер қатары Өзбекстанда да демографиялық процесслерди үйрениў өз тарийхына ҳәм өзгешеликлерине ийе. Өзбекстанда демографиялық процесслерди үйрениў XIX әсирдиң екинши ярымында шөлкемлескен Статистика комитети, ҳәзирги күндеги Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик Статистика Басқармасы искерлиги арқалы топланған пуқаралық жағдайын дизимге алыў ҳәм де социаллық-экономикалық раўажланыўға тийисли мағлыўматлар жүдә үлкен әҳмийетке ийе болып табылады. Статистика Басқармасы республика халқының саны, тәбийий өсиўи, некеге кириўи ҳәм ажырасыўы, миграциясы, социаллық- экономикалық жағдайына тийисли стастистикалық жылнамалар таярлап, үзликсиз түрде баспадан шығарып барады. Усы жылнамалар Өзбекстанның демографиялық жағдайында жүз берип атырған өзгерислерди анықлаўда, машқалаларды белгилеп, келешектеги ис-илажларды ислеп шығыўда илимий тийкар болып хызмет етеди.

Өзбекстанда шаңарақ ҳәм демографиялық процесслерди үйрениўде үлке аймағында өткерилген халық дизими мағлыўматлары да үлкен әҳмийетке ийе. Илимий дереклерде көрсетилиўинше, республикамызда дәслепки халықты дизимнен өткериў 1897-жылы Патша Россиясы тәрепинен әмелге асырылған болып, бунда жоқарыда сөз еткенимиздей, Өзбекстан ҳәм Орайлық Азиядағы барлық аймақларды толық қамтып алалмаған. Деген менен, бул халық дизими мағлыўматлары Өзбекстанда XIX әсир ақырындағы

халықтың саны, туўылыў ҳәм өлим дәрежеси, этникалық қурамы ҳәмде усы дәўирде жасаған шаңарақлардың жағдайлары ҳ.т.басқада демографиялық процесслери ҳаққындағы дәслепки көз-карасларды қәлиплестириўге жол ашады.

Бурынғы аўқам СССРдың қурамында болған барлық мәмлекетлер менен бирге Өзбекстанда да 1926, 1939, 1959, 1970, 1979, 1989 жылларда халықты дизимнен өткериў илажлары алып барылды. Бул халық есап - санақ жумыслары үлкемиздиң демографиялық тарийхын үйрениўдеги қымбат баҳалы мағлыўматлар болып табылады.

1989-жылдан бери Өзбекстанда “халық есап-санақ жумыслары” өткерилмеди. Оның баслы себеби сыртқы миграция процеси менен байланыслы, яғный Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен кейин басқа миллет ўәкиллериниң өз ўатанына көшип кетиў жағдайлары ҳәм шет елде жасаўшы өзбеклер ҳәм басқа да миллетлердиң Өзбекстанға көшип келиўиниң стабиль жағдайға келиўин ямаса турақласыўын күтиў болып табылады.

Ғәрезсизликтен кейин Өзбекстан Республикасында биринши мәртебе 2022-жылда халықты дизимнен өткериў жобаластырылған еди, бирақ жер жүзинде КОВИД (коронавирус) инфекциясы тарқалыўы ҳәм оның машқалалары себепли бир жылға кешиктирилди. Енди 2023-жылдың ноябрь-декабрь айларында “халықты дизимнен өткериў” яғный есап-санақ жумысларын әмелге асырыў жобаластырылған.

Демографиялық процесслерди үйрениўде социологиялық-демографиялық сораўнамалар өткериў арқалы изертлеўлер алып барыў зәрүрли әҳмийетке ийе болып табылады. Демографиялық процесслерди социологиялық изертлеўлер жәрдеминде үйрениў «социал - демографиялық» изертлеўлер деп аталады. Социал - демографиялық изертлеўлер, әсиресе, үзликсиз халық дизими өткерилмейтуғын аймақлардың демографиялық жағдайын үйрениўде үлкен жәрдем береди. Оның ушын демографиялық процесслерди үйрениўге тийисли қәнигелер тәрепинен арнаўлы сораўнамалар дүзилип, үйренилип атырған аймақ халқына ямаса социаллық топарларға тарқатылады. Сондай-ақ қәнигелер халық арасында сораўнамаларға тийкарланып сәўбетлер өткереди ҳәм керекли мағлыўматларды топлап оларды анализлейди.

Демографиялық процесслерди социал-демографиялық изертлеўлер жәрдеминде үйрениў бурынғы аўқам қурамында Өзбекстанда тийкарынан 1928-1930-жыллардан басланған. 1960-1970-жыллардан баслап болса жетилисип, раўажланып барды. Ҳәр бир мәмлекетте демографиялық процесслерди турақлы, үзликсиз үйренип барыў топланған мағлыўматлар арнаўлы шөлкемлер тәрепинен анализленип кең жәмийетшиликке усынылыўы мәмлекеттиң дурыс сиясат тийкарында жедел раўажланыўы ушын әҳмийетли дерек болып хызмет етеди.

**Әдебиятлар**


1. Абдалова З.Т. Тожиева З.Н. Иқтисодий география. Ўқув қўлланма. Т.: «иқтисод-молия», -2013.
2. Сафарова Н, Комилова Н, Исломов И, Каракулов Н Жаҳон мамлакатлари иқтисодий ва ижтимоий географияси. Т.: - Маҳалла ва оила. - 2022.
3. Тожиева З. Аҳоли географияси. Тошкент.: Ношир. 2019.
4. Principles and recommendations for population and housing censuses.- N Y. (UN), 1990.


**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақола аҳолини руйхатдан ўтказишнинг мақсади- аҳоли туғрисида аниқ ва батафсил умумий ва демографик маълумотга эга бўлиш. Ҳар бир давлатнинг иқтисодий турмуш тарзини шакллантириш, ривожлантириш, инсонлар ҳаётида содир булаётган турли хил муаммоларга туғри йўналиш бериш, кадрлар масаласини қайта кўриб чиқиш буйича қонунчилик палатасига таклифлар бериш ва аҳолини кенг миқиёсда илмий томандан ўрганиш муаммосини ёзага чиқаради.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье целью учета населения является получение точных и подробных общих и демографических сведений о населении. Формирование и развитие экономического образа жизни каждой страны, придание правильного направления различным проблемам, возникающим в жизни людей, переосмысление кадрового вопроса, внесение предложений в законодательную палату и широкомасштабное научное изучение населения.

**SUMMARY.** In this article, the purpose of population registration is to have accurate and detailed general and demographic information about the population. Forming and developing the economic lifestyle of each country, giving the right direction to various problems occurring in people's lives, re-examining the issue of personnel, making proposals to the legislative chamber and studying the population scientifically on a large scale.